

APPENDIX

1. (This conversation took place in the hall, and three students were talking about their unfinished tasks and they were going to go to the campus)

- (1) A: Eh..kon nontok bal-balan wingi? Juve kalah maneh, **cok!**
- (2) B: Lha bek'e memang'e koyok ngono kok yo pasti kalah.
- (3) A: **Silit**, musuh'e menang hoki thok.
- (4) B: Eh, kon wis nggarap PR tugas minggu lalu?
- (5) A: O iyo-yo, aku lali lek ono tugas, **jangkrik!**
- (6) C: Ealah, wong loro iki nang kene ta.
- (7) B: Kon wis nggarap tugas?
- (8) A: **Taek** lek kon wis nggarap, pasti durung.
- (9) C: Memange durung, pak. Ayo nggarap nang kampus'ae.
- (10) B: Budal saiki ta? Gak rodo ngkok'ae?
- (11) C: Saiki'ae, doel. Ngkok gak nututi.
- (12) A: Okelah, ayo..
- (13) B: Yo wis tak ganti kaos diseuk.

2. (This conversation took place in the hall, and these two students wanted to go to the theater with their friends)

- (1) A: Hei, budal saiki ta piye?
- (2) B: Lha yo opo lho arek-arek?
- (3) A: Dhewe budal disik'ae, arek-arek iku rodo **nggatheli** lek dijak lungo.
- (4) B: Sik-sik, arek-arek tak sms'e 'ae, ngomongi lek dhewe budal disik.
- (5) B: **Jangkrik**, sms'e kok failed terus sih!
- (6) A: Telponen'ae lah timbang ngenteni.
- (7) B: Ealah, telpon'e gak diaktifno, **taek!** Timbang tiwas kesel nulis sms.
- (8) A: **Nggatheli**, **cok!** Duwe HP kok gak aktif terus.
- (9) B: Yo wis dhewe budal diseuk'ae, yuk.

3. (This conversation took place in the hall, between two students who had not seen each other for a long time)

- (1) A: Hei, kon tibakno kos nang kene ta? Aku kok gak roh lek kon pindah?
- (2) B: Iyo, nang kosku disik sing duwe *jancok*'an. Enak metu'ae timbang tambah stress.
- (3) A: Kos dek kene kenek piro?
- (4) B: Yo rodok larang, tapi mending banget timbang dek kos koyok *asu* iku.
- (5) A: Kon nggowo opo'ae kok larang? Jarene gak sepiro larang?
- (6) B: Lek nggowo lomon kudu nambah 30ribu, kos'e thok 400ribu.
- (7) A: Loh, kon nggowo lomon dewe ta saiki? Enak la'an, iso lungo nang ndindi.
- (8) A: Wis oleh ta nggowo lomon dewe?
- (9) B: Wis gedhe, *cok*. Mosok numpak leken terus.
- (10) A: Yo wislah, aku tak nggoleki koncoku sek yo..
- (11) B: Yo..

4. (This conversation took place in the hall, and three students were talking about their phone card and also hard disk which was broken)

- (1) A: Hei, kon kok gak ngebel aku lek kon gak iso teko, tiwas aku ngenteni sa'wen-uwen trus tak tinggal turu.
- (2) B: Lha kon wingi wis tak sms to lek aku gak sido teko, soal'e gak ono kendaraan.
- (3) A: Ndi? Gak ono sms kok.
- (4) C: Paling mentari trouble maneh.
- (5) B: Wis ganti kartu'ae, wong mentari saiki koyok *taek* ngono.
- (6) A: Pulsaku eman-eman, pak!
- (7) C: Eh, kon wes tuku komik nyar?
- (8) A: Durung, saiki aku sek bokek, goro-goro tuku hard disk anyar.
- (9) C: Lapo hard diskmu, rusak ta?
- (10) A: Jebol, *cok*! Gak cuma rusak thok. Memorine ilang kabeh, *taek*!

- (11) B: Iyo ta? Gambar-gambarku kapanane sing tak save dek hard diskmu mosok melok ilang?
- (12) A: Ilang kabeh wis, gak iso di opo-opono.
- (13) B: **Jangkrik**, golek angel-angel wis uapik-apik ilang kabeh.
- (14) A: Lha yo opo maneh, wis wayahe paling.
- (15) B: Ngelu ndas wis, terpaksa nggolek maneh, **tahi-tahi!**
- (16) A: Ayo saiki melok aku'ae, ngoncoi aku nang kampus.
- (17) B: Lapo nang kampus? Males wis, aku tak nggarap skripsi'ae, ngkok gak mari-mari.
- (18) C: Yok tak koncoi'ae, aku lagi nganggur, sekalian nggolek'i dosenku.
- (19) A: Yo wis, saiki'ae.
- (20) C: Oke..
- (21) B: Ati-atি.

5. (This conversation took place in front of TV, and three students were watching English Soccer League)

- (1) A: **Jiancok**, kick off'e kok suwimen to. Komentator'e iki kakean cangkem.
- (2) B: Lha iku lho pemain'e jektas mlebu lapangan.
- (3) A: **Nggatheli**, pemain intine kok cuma iki thok. Ndi Saha ambek Cristiano Ronaldo?
- (4) C: Paling disimpen gawe liga champion.
- (5) B: MU pasti menang'lah, musuh'e cuma Fulham tok'ae.
- (6) A: Tapi yo bahaya, ga iso ngremehno pak.
- (7) A: **Jangkrik**, ono peluang enak kok gak gol.
- (8) C: Eh..bek'e kok brutal sampe oleh pinalti.
- (9) A: Ha? Pinalti? Sing nggenah'ae. **Taek, jangkrik!** Diving!
- (10) B: Iku salah'e bek'e kok brutal sampe oleh pinalti.
- (11) C: Gool..
- (12) A: **Jangkrik**, salah arah rek! Hoki!
- (13) B: Malbranque memang ciamic lek njupuk pinalti.
- (14) A: Lha, tontoken entok peluang maneh, trus.. Gool!
- (15) C: Ha? Cepet'e? Cuman samenit thok wis dibales?

- (16) A: Ciamik rek Nistelrooy! Mbok ya ngono main'e. Pinaltine mang hoki tok, **taek!**
- (17) A: Aduh, njupuk bal ngono'ae kok gak iso sih, koyok **lonte**'ae.
- (18) A: Walah, wis buyar cok. Maine gak sepiro apik.
- (19) C: Gak koyok biasane yo.
- (20) B: Huah, ngantuk rek! Aku tak turu sek, wis gak kuat.
- (21) A: Sek jam piro iki kok wis arep turu? Gak nontok maneh ta?
- (22) B: Gak wis, sesok'ae omongono hasil'e'ae.
- (23) C: Lha iki lho wis kick off maneh. Christiano Ronaldo jektas mlebu.
- (24) A: Iyo ta? Mbok ya ngono, gak ket mang'ae dipasang.
- (25) A: Tontoken lek Christiano Ronaldo nggiring bal, buanter banget, kabeh dilewati.
- (26) C: Lha..kejegal, gak sido ngumpan.
- (27) A: **Kuethek!** Ngono wasite meneng'ae gak dikartu blas.
- (28) A: Lha iki lho peluang maneh. Cepet diumpan cok! Lha.. Gool!
- (29) C: Sopo? Nistelrooy maneh?
- (30) A: Yo pasti sih, sopo maneh sing ciamik.
- (31) A: Lha tontok'en entok peluang maneh. Aduh, disapu bek iku maneh.
- (32) C: Bek e seng ndi?
- (33) A: Sing paling koyok **asu** iku lho, nang ndi-ndi ono.
- (34) B: Eh, lek ngomong ojok banter-banter, aku gak iso turu, doel!
- (35) A: Sori-sori.
- (36) C: Iki wis meh buyar kok, gak gelem nontok pisan ta?
- (37) B: Gak wis, gak kuat ngantuk'e. Skor'e sik tetep 2-0?
- (38) C: Iyo, lha iki wis buyar. Skor'e pancet 2-0 menang MU.
- (39) B: Yo wis, aku tak turu maneh lak ngono.
- (40) A: Aku tak muleh'ae lah, wis bengi rek.
- (41) C: Lapo muleh? Gak nginep sisan'ae?
- (42) A: Gak wis. Sesok jadwalku full, **jangkrik**. Mulehku bengi-bengi terus.
- (43) C: Yo wis, tolong pintune tutupno pisan yo!
- (44) A: Oke deh..

6. (This conversation took place in front of TV, between two students who were watching cartoon on TV and they were going to go to their friend's house)

- (1) A: Eh, kon kok serius banget, nontok opo sih?
- (2) B: Nontok film kartun.
- (3) A: Ha? Ga ono acara lain ta kok nontok kartun?
- (4) B: Lha wong acarane uelek kabeh, *jiangkrik!* Yo mending nontok kartun iki'ae.
- (5) A: Kon gelem melok aku ta?
- (6) B: Nang ndi?
- (7) A: Njupuk cd dek konkoku sing omahe bratang iku lho.
- (8) B: Ealah, dek *kethek* iku ta?
- (9) A: Iyo, gelem ta?
- (10) B: Yo wis, timbang nganggur ndelok kartun iki.
- (11) A: Kon wis adus ta?
- (12) B: Durung, ngenteni aku adus dilut yo.
- (13) A: *Silit*, yo wis cepetan pokok'e. Tak enteni nang ngarep yo.
- (14) B: Yo sembarang, tolong gowono jaketku pisan nang ngarep.
- (15) A: Oke..

7. (This conversation took place in front of TV, and two students were watching "Dragon Ball" on TV and they were going to have lunch together)

- (1) A: Eh..kon lagi laopo? Nganggur ta?
- (2) B: Lagi nonton dragon ball.
- (3) A: Wis totok endi?
- (4) B: Kon wis gak tau nonton maneh ta?
- (5) A: Gak'lah. Aku jarang nonton lek minggu.
- (6) B: Iki sik jektas lawan majinboo.
- (7) A: Lho? Sik jektas lawan majinboo?
- (8) A: *Nggatheli* pak! Suwi banget yo, wis piro taon?
- (9) B: Paling 7 tahunan.
- (10) A: Kon gak ono kerjoan ngkok?
- (11) Gak onolah, paling-paling lungo mangan thok.

- (12) A: Mangan nang ndi? Aku melok yo.. tapi nyelang duit sik yo. Aku lagi bokek.
- (13) B: *Silit*, kon kok mesti bokek sih?
- (14) A: Lha yo opo maneh?
- (15) B: Yo wis sembaranglah. Rodo ngkok'ae tapi budal'e.
- (16) A: Ngentekno dragon ball'e iki sik ta?
- (17) B: Yo pisanlah, paling kurang dilut tok.
- (18) A: Kon wis adus ta?
- (19) B: Durung, maringene pisan buyar'e iki.
- (20) A: Lha, iki wis buyar. Ayo, ndang adus rono, selak luwe aku.
- (21) B: Iyo yo.. tapi aku ngising disik baru adus.
- (22) A: *Jiangkrik*, dadak ngising barang.
- (23) B: Lha yo opo pak, wis kebelet mosok diempet.
- (24) B: Entenono'ae pokok'e.

8. (This conversation took place in the hall, between two students who were talking about their DVD movies collection)

- (1) A: Kon mang bengi wis nang tuku dvd ta?
- (2) A: Entok opo'ae?
- (3) B: Sing anyar sih akeh tapi aku cuma tuku loro thok.
- (4) A: Opo judul'e?
- (5) B: Aku tuku Pirates of Caribbean ambek Underworld.
- (6) A: Ha? Underworld wis metu ta?
- (7) A: *Jancok*, pas aku gak duwe duit iku metu.
- (8) B: Cepetan kon. Jarene seng dodol iku laris banget, cepet entek.
- (9) A: Lha yo opo corone?
- (10) B: Nyilih duitku sik ta? Tapi ojok suwi-suwi lek mbalekno, aku yo butuh rek.
- (11) A: Waduh, gak usahlah. Ngkok kapan-kapan'ae lah tukune.
- (12) B: Gak kentekan ta lek gak cepetan?
- (13) A: Gak'lah, iku kan sik anyar to, ngkok lak pasti metu maneh.
- (14) A: Koleksimu saiki wis piro?

- (15) B: Paling sekitar 50an ambek iki. Kon wis piro?
- (16) A: Aku sik separomu rasa'e.
- (17) B: **Tae!** Mosok cuma sak mono?
- (18) A: Iyo, aku jarang tuku saiki.
- (19) B: Lha sing kapanane kon mborong dvd iku opo?
- (20) A: O iyo, sing iku durung tak itung.
- (21) A: Paling sek 30an.
- (22) B: Kon arep nontok Underworldku sek ta?
- (23) A: Yo keneklah, lagi nganggur iki.
- (24) B: Titip tontokno pisan, ono cacate gak.
- (25) A: Oke, beres..

9. (This conversation took place in the hall, and one student was talking about buying CD if his friend would go to the THR)

- (1) A: Hei!
- (2) B: Opo? Lapo?
- (3) A: Kon sesok sido nang THR?
- (4) B: Gak roh, opo'o? Arep titip ta?
- (5) A: Lek iso sih budal dhewe. Kon bareng sopo?
- (6) B: Sing ngajak budal koncoku, aku yo sik ngenteni kabar de'e iso opo gak sesok.
- (7) A: Yo wis, lek sido budal aku titip kon'ae.
- (8) B: Tuku opo arep'an?
- (9) A: CD kosong sak bal, kiro-kiro harga'e sekitar 100an.
- (10) B: Yo sembarang. Ndi duit'e?
- (11) A: Sik tak jupuk'no nang dompetku
- (12) A: Walah, duitku kari gomban. Ngutang sek'ae yo ..
- (13) B: **Jangkrik!** Titip-titip ngutang.
- (14) A: Yo wis lek kon gak gelem yo gak popo. Tapi lek gelem nukok'no nyilih duitmu sik yo.
- (15) B: Ah kon iki, tak tukokno tapi ngkok lek aku arep ngopi cd gratis yo..
- (16) A: Yo ojok terus-terusan, bangkrut aku.

- (17) B: Gak'lah, paling cuma ngopi loro drama Jepang.
- (18) A: Hei..kon kok tego sih. Gak titip wis, aku tak tuku dhewe'ae, **taek!**
- (19) B: Guyon-guyon.. yo wis tak tukok'no lek aku nang THR.
- (20) A: Iki duit'e.. sisone nyelang sek yo..
- (21) B: Yo..

10. (This conversation took place in the hall, between two students who wanted to go to the game rental)

- (1) A: Kon nganggur?
- (2) B: Yo gak sepiro, lapo?
- (3) A: Dolen yok!
- (4) B: Nang ndi? Aku lagi males metu-metu.
- (5) A: Kon turu'ae kerjone.
- (6) B: **Taek**, timbang kon kluyuran thok.
- (7) B: Arep dolen nang ndi?
- (8) A: Nang iku lho, rental cedek'e jembatan.
- (9) B: **Asu**, gak kurang adoh ta?
- (10) A: Lewat mburi luweh cedek kok. Ayolah, ngonco'i aku. Kon sik lapo sih?
- (11) B: Sik moco buku Harry Potter.
- (12) A: Sing anyar iku ta? Wis sampe ndi?
- (13) B: Sik awal-awal.
- (14) A: Kon moco iku kapan marine. Wong bukune kandel buanget, **cok!**
- (15) B: Yo sik ta, aku tak marino mboco sak chapter iki tok'ae.
- (16) A: Cepetan doel. Selak awan ngkok gak entok nggon enak.
- (17) B: Nggon seng ndi? Sing pojokan biasane iku ta?
- (18) A: Iyolah, iku wis paling enak nggon'e.
- (19) B: Yo wislah. Aku bayarono yo, sing ngejak lak kon sih.
- (20) A: Sembaranglah..

11. (This conversation took place in the hall, between two students who were talking about new comic books)

- (1) A: Hei, kon wis tuku komik anyar? Ono Conan no. 37 lho wis'an.

- (2) B: Aku wis tuku, tapi sik disilih koncoku.
- (3) A: **Jangkrik!** Sopo sing nyilih? Aku kan wis pesen ojok mbok kek'no sopo-sopo.
- (4) B: O iyo aku lali, sori.
- (5) A: Sampe kapan mbalik'e? Sik suwi ta?
- (6) B: Katane cepet kok, mungkin ngkok bengi lek gak sesok.
- (7) A: Pasti ta?
- (8) B: Iyo yo, ngkok kon tak kabari'ae lek bukune wis dibalek'no.
- (9) A: Ojok lali lho yo, ngkok mbok selang'no koncomu maneh?
- (10) B: Gak-gak, wis gak ono maneh sing mboco kok.
- (11) B: Aku ngkok bengi mungkin arep nang de'e nyilih catetan, tapi gak roh sido opo gak.
- (12) A: Lha lek Kung Fu Boy opo wis metu sing no. 17?
- (13) B: Durung, mestine wis metu, cuma telat teko pabrike rasa'e.
- (14) A: **Cok!** Aku lek ngenteni wis suwe tapi gak terbit-terbit.
- (15) A: Yo wis, ngkok aku kabarono lek wis ono bukune yo.
- (16) B: Yo lah.. ngkok tak sms'ae.
- (17) A: Oke..

12. (This conversation took place in the hall; one student was talking about his experiences while having fun with his friends at the JJ's Bar and the other student was listening to his story)

- (1) A: Kon wis tak critoni wayah aku lungo ambek konco-koncoku nang JJ?
- (2) B: Durung, sing ndi?
- (3) A: Koncoku mabuk pak. Mbanyol pisan nang bar.
- (4) B: Koncomu sing gaweane metu ambek kon iku ta?
- (5) A: Iyo, lucu **nggatheli** pak!
- (6) B: Mabuk koyok opo kok lucu. Piye critone?
- (7) A: Pertama'e ngombe-ngombe disik, suwi-suwi mabuk trus rodo nggak sadar. Terus aku ambek koncoku sing lain nulungi koncoku sing mabuk iku dipapah wong loro digowo nang jeding.
- (8) B: Trus?

- (9) A: Lha pas dipapah iku kan nglewati latar diskو, nang kono ono wong sing gaya diskone ita-itu buanget, sok kerен tapi lembeng puersis *lonte* kesasar. Koncoku sing tak papah iku tahu-tahu muntah persis nang raine de'e pak.
- (10) B: *Jiangkrik!* Temenan ta? Haha..
- (11) A: Iyo, trus maringono wong'e iku kebleset pisan kenek utah-utahane koncoku, haha.. weteng mules pokok'e.
- (12) B: Wong'e gak nesu?
- (13) A: De'e iso opo pak? Lha wong koncoku iku mabuk kok. Tapi batinku yo ngapok-ngapokno wong iku, ndelok gayane diskо gak kuat aku.
- (14) B: Kon wayah nang JJ iku sampe isuk yo?
- (15) A: Gak sampe isuk sih, cuman balik ke hotel, sing mbayari koncoku kabeh.
- (16) B: Enak, *cok!* Aku yo gelem lek dibayari.
- (17) A: Koncomu ajaken lho sekali-kali.
- (18) B: Gak mungkin gelem pak. Koncoku alim-alim.
- (19) A: Rugi kon gak tau nyoba.
- (20) B: Kon ngajak aku po'o lek lungo-lungo?
- (21) A: Kon gak kenal ambek koncoku sih, aku yo sungkan ngajak kon.
- (22) B: Yo kenalno pak, jadi aku iso melu kapan-kapan.
- (23) A: Yo gampanglah, bisa diatur.

13. (This conversation took place in front of TV, and three students were talking about where they were going to go)

- (1) A: Kon arep dek ndi kok necis ngono?
- (2) B: Arep nang ulang tahune dulurku.
- (3) C: Lanang opo wedok?
- (4) B: Wedok, opo'o?
- (5) C: Ayu gak, *cok*?
- (6) A: Ah kon iki wedok'an tok'ae.
- (7) C: Kenalno po'o?
- (8) B: Moh pak. Kon lek dikon ngenalno aku dek koncomu wedok yo gak gelem ngono lho.
- (9) C: Soale aku dhewe gak kenal pak. Yo opo caraе ngenalno kon?

- (10) B: Kon arep metu bareng ta?
- (11) A: Iyo, golek mangan terus dolan dek kos'e Jimmy main playstation.
- (12) C: Kon sampe jam piro? Bengi ta?
- (13) B: Iyo paling..
- (14) A: Kon dipapak ta? Numpak opo?
- (15) B: Bareng ebés ambek emes numpak lomon.
- (16) C: Enak'e rek, ngkok mulih'e titip bungkusno panganan yo.
- (17) B: Ngawur'ae, **cok!**
- (18) B: Kon sik ngenteni opo?
- (19) A: Ngenteni acara iki buyar, lucu pak.
- (20) B: Eh iku lomon'e teko, aku lungo sik yo.
- (21) C: Ojok lali bungkusno panganan.
- (22) B: **Silitmu!**
- (23) A: Yok budal pisan'ae, wis buyar acarane.
- (24) C: Nang ndi sek? Mangan sek ta nang Jimmy sek?
- (25) A: Sembarang. Kon wis luwe durung?
- (26) C: Yo wis luwe sih, mangan sik yo kenek.
- (27) A: Eh, numpak lekenmu'e yo, lekenku soal'e sering mati-mati.
- (28) C: **Jangkrik.** Duwe leken kok gak tau diservis.
- (29) A: Aku sik durung duwe duit iki. O yo, ngkok mulih'e aku tak njupuk duit pisan. Iso mampir ATM?
- (30) C: Yo gampanglah. Tolong jupukno kunci lekenku nang slorokan mejoku nang mburimu iku.
- (31) A: Sing ndi? Iki ta?
- (32) C: Yo iku, nang kono.

14. (This conversation took place in the hall, between two students who were talking about what they would do later the day)

- (1) A: Huah.. Kon lagi lapo bengi-bengi ngene?
- (2) B: Nggarap skripsi pak, ngelu ndas gak mari-mari.
- (3) A: **Jiangkrik**, cek rajine kon.
- (4) B: Yo yo opo? Lha wong selak dikumpulno kok.

- (5) A: Trus sidang'e kapan?
- (6) B: Mboh, gak roh sek'an.
- (7) A: Eh, lek ngkok ono koncoku ono sing nganterno catetanku trimo'en yo.
- (8) B: Bengi-bengi ngene?
- (9) A: Iyo, **cok**. Mboh, de'e isone nganter bengi thok katane. Titip yo.. aku tak turu maneh, wis nquantuk pol!
- (10) B: Yo gampanglah, tapi lek sampe jam 11 gak teko tak tinggal turu lho.
- (11) A: Yo gak popo..

15. (This conversation took place in the hall, and one student was talking to his friend about his friend's debt of money and his friend was going to pay the money to him)

- (1) A: Kon nang ndi'ae tak enteni kok gak teko-teko?
- (2) B: Wis suwi ta? Sori..
- (3) A: Wis meh sak jam lek aku ngenteni kon, **jiangkrik!**
- (4) A: Nang ndi? Mbojo ta?
- (5) B: Gak'lah, cuma nganter bojoku muleh tapi mang dijak mangan pisan.
- (6) A: Ealah, pantes gak teko-teko.
- (7) B: Kon kan iso sms aku opo miscall.
- (8) A: Pulsaku entek, doel. Wis seminggu gak iso nggawe HP.
- (9) B: Yo tuku lho..
- (10) A: Duitku sik nang kon ngono lho..
- (11) B: O yo, lali. Aku utang piro yo?
- (12) A: Hei, kok iso lali lho, **cok!** 70.000 doel.
- (13) B: Ups, untung aku mang njupuk duit, lek gak njupuk aku gak mbayar utangmu.
- (14) A: He, lek gak mbok bayar cdmu tak pek.
- (15) B: O yo, ndi? Wis mbok tontok kabeh ta?
- (16) A: Kurang titik. Sesok'ae tak gowo'no.
- (17) B: Enak'e nang kampus jam piro sesok?
- (18) A: Sembarang, rodo telat'ae. Opo arep mbolos ta?
- (19) B: **Asu**, ojok, **cok!** Aku wis limit..

(20) Yo wis gampanglah..

16. (This conversation took pace in front of TV, and two students were talking and watching about MTV song)

- (1) A: Eh.. kon nyetel opo?
- (2) B: Nyetel ps, opo'o?
- (3) A: Kon gak nontok MTV?
- (4) B: Ono opo?
- (5) A: Lagune Agnes saiki, tontoken'ae.
- (6) B: O iyo ta, ndi-ndi?
- (7) A: Lha.. bener to?
- (8) B: *Jancok*.. telat lek kon ngomongi, kok gak ket mang?
- (9) A: Aku dewe jektas roh kok.
- (10) B: Uayu'ne rek!
- (11) A: Biasalah..
- (12) B: Kapan duwe bojo koyo ngene yo?
- (13) A: Ngoco sek kono.
- (14) B: Walah, mek ngono thok lagune?
- (15) A: Iyo.. iku wis ket mang kok.
- (16) B: *Silit*, wis maen ps maneh ae.
- (17) A: Kon maen opo sih? kok gak tamat-tamat?
- (18) B: Final Fantasy X.
- (19) A: Ealah..

17. (This conversation took place in the hall, where two student were talking about playing badminton)

- (1) A: Kon nganggur ngkok awan?
- (2) B: Jam piro?
- (3) A: Jam 12an.
- (4) B: Awan men, *cok*. Arep lapo?
- (5) A: Diajak arek-arek badminton. Gelem gak?
- (6) B: Sik tak pikirno, aku ono acara gak yo? Rasa'e sih gak ono.

- (7) A: Yo opo?
- (8) B: Yo keneklah, nang ndi main'e?
- (9) A: Nang Wisma Mukti.
- (10) B: Ha? **Jiangkrik** adoh'e.. Sampe jam piro?
- (11) A: Sampe jam 3 paling.
- (12) B: Wong piro sing main?
- (13) A: Cuma wong 3 ambek kon 4.
- (14) B: **Asu**, titik'e? Gak larang ta mbayare?
- (15) A: Gak'lah, 3 jam iku cuma gomban kok.
- (16) B: Yo wislah, melok'ae timbang nganggur.
- (17) A: Koncomu jak'en lho lek ono sing gelem.
- (18) B: Yo tak telpone disik..

18. (This conversation took place in the hall, and three students were talking about newspaper which was not arrived today)

- (1) A: Kon tumon koran? Nang ndi sih? Digowo arek-arek yo?
- (2) B: Rasa'e gak teko koran'e iki dino.
- (3) A: Mosok sih?
- (4) C: Aku mang wis telpon agen'e, katane wis dikirim.
- (5) A: Lha trus ndi koran'e?
- (6) B: Gak roh. Nang ndi-ndi gak ono.
- (7) C: Loper'e paling lali ngekek'i omah iki tok.
- (8) A: **Silit** loper'e iku.
- (9) B: Kon katene nggolek'i berita opo sih?
- (10) A: Aku pingin nontok film anyar opo sing diulas.
- (11) B: Ealah.. yo nyelang'o nang omah'e koncomu lho..
- (12) A: Aku lagi males metu saiki. Ngkok bengi'ae ..
- (13) C: Kon arep dek omah'e Viktor ta? Titip jupukno cdku pisan yo .. ket disik gak dibalek-balekno.
- (14) A: Cdmu sing ndi? Lagu MP3 mandarinmu iku ta?
- (15) C: Iyo, wis sak ulan gak ono kabar'e, **cok!**
- (16) A: Yo gampang ngkok wae lah..

- (17) A: O yo, aku njaluk mie instantmu yo, aku keluwen saiki.
- (18) C: Mieku entek.
- (19) A: Kon sik duwe mie?
- (20) B: Sek ono siji rasa'e, panganen'ae gak popo.
- (21) A: Oke, tak pangan yo..

19. (This conversation took place in front of TV, and two students were playing fighting game on Playstation2)

- (1) A: Kon main opo kok seru banget?
- (2) B: Maen Soul Calibur 2.
- (3) A: Aku melok oleh gak?
- (4) B: Sik dilut musuh sitok iki tak patenane disik.
- (5) A: Kon sing kalah ngono lho?
- (6) B: *Jangkrik*, kalah sak jurus thok.
- (7) A: Tak maen saiki yo.
- (8) B: Sembarang, ayo!
- (9) A: He, kon ngefor yo, aku gak sepiro iso dolen.
- (10) B: Kon kok enak?
- (11) A: *Asu*, kenek terus pak.. ampun!
- (12) B: Kok mudah kon?
- (13) A: Wis tak omongi aku gak iso dolen.
- (14) B: Hei, *cok*. Aku mek menang hoki thok doel.
- (15) A: Males wis gak imbang musuh kon.
- (16) B: Sopo sing nantang?
- (17) A: Yo pengin'ae.
- (18) B: Buyar pisan wis, kalah thok ambek computer.
- (19) A: Haha...